

NIVO ELEMANTÈ EGZAMEN SYANS SOSYAL

DEZYÈM LIV

KESYON KI BAZE SOU YON SERI DOKIMAN (DBQ)

17 NOVANM 2005

Non élèv la _____

Non lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou an lèt majiskil sou liy ki anwo yo.

Egzamen sa a gen twa pati. Jodi a w ap pran Twazyèm Pati egzamen an.

Twazyèm Pati a baze sou plizyè dokiman.

Seksyon A nan Twazyèm Pati a gen dokiman yo ladan li. Chak dokiman yo gen youn oswa plis pase yon kesyon apre yo. Ekri repons ou yo nan espas ki la pou sa nan ti liv sa a. Ou dwe sèvi ak repons ou bay pou kesyon yo, pou ede w ekri redaksyon an.

Seksyon B nan Twazyèm Pati a gen yon kesyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons pou kesyon sa a nan ti liv pou ekri repons ki apa a, koumanse depi nan premye paj la.

W ap gen inèdtan edmi pou w reponn kesyon ki nan Dezyèm Liv la epi ekri redaksyon ou an.

PINGA OU VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO POKO DI W VIRE L.

Copyright 2005

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK
THE STATE EDUCATION DEPARTMENT
ALBANY, NEW YORK 12234

Twazyèm Pati

KESYON KI BAZE SOU YON SERI DOKIMAN

Esplikasyon: Travay yo mande w fè anba la a baze sou dokiman 1 jiska 6. Travay sa a yo mande w fè a, se pou teste kapasite w pou travay avèk dokiman istorik. Gade chak dokiman epi reponn kesyon an oswa kesyon yo apre chak dokiman. Sèvi avèk repons ou jwenn pou kesyon ou yo, pou ede w ekri redaksyon w lan.

Kontèks Istorik:

Kolonizasyon Eta New York kòmanse nan lane 1600 yo avèk eksploratè Olandè, Franse, ak Angle ki te vini nan zòn Nò Amerik la. Anapre anpil Ewopeyen ki te vini pou kòmanse yon nouvo lavi fèmye ak mèt biznis te swiv yo.

Travay ou gen pou fè:

Pou Pati A a, li **chak** dokiman byen, epi reponn kesyon an oswa kesyon yo apre chak dokiman. Apre sa, li esplikasyon pou Pati B a, epi ekri redaksyon w lan.

Pou Pati B a, sèvi avèk repons ou yo pou kesyon nan Pati A, avèk enfòmasyon ki soti nan dokiman yo, epi ak konesans ou genyen nan syans sosyal pou w rive ekri yon redaksyon byen òganize nan mo pa w. Nan redaksyon ou lan, ou dwe

- Ekri sou ki jan Ewopeyen yo ki te vin nan Eta New York sèvi ak anviwonman yo oubyen chanje li pandan yo ap etabli yo, kòmanse fèm ak biznis

Pati A


Kesyon pou bay repons kout

Esplikasyon: Li chak dokiman epi reponn kesyon yo mande apre chak dokiman, nan plas yo kite pou ekri repons la.

Dokiman 1



Kay an fòm won Endyen



Kay an fòm yon pi Endyen

Nan yon premye tan, kolon yo te oblige viv pou yon ti tan nan ti tant. Tant angle yo te gen fòm ron tankou ajoupa endyen Algonkyen yo. Kay sa yo te gen yon sèl pyès avèk atè a fèt an tè epi pòt antre a ba. Olandè yo pi souvan konstwi yon kay, ki te yon pi yo fouye sou kote yon mòn oubyen nan tè. Apre yon tan, tout kay pou yon ti tan sa yo vin fè plas pou kay ki la pou lontan.

- 1 Sèvi ak dokiman sa a, bay 2 fason Ewopeyen yo te sèvi oubyen chanje anviwonman an pou fè kay pou yon ti tan lè yo te fèk rive kote ki ta pral tounen Eta New York la. [0.5, 0.5]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 2

Fanmi ki te vin an premye yo te eseye pwodwi pou kont yo manje, gaz, ak rad yo. Manje pat toujou anpil. Gen fwa pwason yo pa mòde pyèj yo. Anpil fwa tou, sèf yo te al kache nan bwa yo. Imigran an te depann sou mayi pou bay fanmi li ak bèt li manje. Pou gato mayi yo te pi bon yo te itilize sik erab oubyen siwo. Timoun yo te keyi anpil ti fwi piti yo rele beri a. Rad te fèt ak lenn, flaks [yon plant] oubyen po bèt.

- 2a** Sèvi ak dokiman sa a, bay **2** kote fanmi ki te vinn an premye yo te jwenn manje. [0.5, 0.5]

(1) _____
Score


(2) _____
Score

- b** Sèvi ak dokiman sa a, bay **2** kote fanmi ki te vinn an premye yo te jwenn rad. [0.5, 0.5]

(1) _____
Score

(2) _____
Score

Dokiman 3



Sous: Painted by L. F. Tantillo, "Fort Orange," www.lftantillo.com

Kèk konstriksyon te kòmanse tou pre ansyen fò yo, kite kole ak rivyè ak lak. Pat gen anpil wout pou imigran yo te itilize, kidonk dlo te rann vwayaj pi fasil. Rivyè yo ak lak yo se te tou yon bon kote pou jwenn manje ak dlo fre.

- 3a** Dapre dokiman sa a, bay **2** rezon ki fè anpil premye konstriksyon ak fò yo te tou kole ak rivyè ak lak. [0.5, 0.5]

(1) _____ Score

(2) _____ Score

- b** Sèvi ak dokiman sa a, bay **2** fason imigran Ewopeyen yo te itilize bwa yo jwenn nan anviwonman yo. [0.5, 0.5]

(1) _____ Score

(2) _____ Score

Dokiman 4



Sous: Barbara Greenwood, *A Pioneer Sampler*, Houghton Mifflin

Vwayaje sou tè te di anpil pou premye imigran yo. Majorite wout ki te la yo te soti [te fêt] nan ansyen ti wout endyen yo ki te travèse fwontyè ansyen New York la. Pou trase wout la, premye travay la te toujou pi difisil. Yo te bezwen retire branch bwa, gwo wòch, ti pye bwa, ak gwo pye bwa. Nòmalman, travay sa a te fêt ak men oubyen yo te itilize cheval. Lè yo fin retire tout debri, yo kòmanse glasiye. Sa a te yon siy ki montre gen yon wout ki fêt, ki montre yon diferans ant yon santye pou pyeton oswa pou bèt.

- 4 Sèvi ak dokiman sa a, bay **yon** chanjman ki te fêt nan premye sante Endyen yo pou fè yo tounen wout. [0.5]
-
-

Score

Dokiman 5

Devlopman yon ansyen fèm

Imaj A



Imaj B



Imaj C



Sous: Boccanfuso and Faruoluzzo, *Exploring New York*, D.C. Heath, 1987 (adapte)

5 Dapre foto sa yo, bay **de** chanjman imigran sa a fè nan tè a. [0.5, 0.5]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 6



Sous: F. Daniel Larkin, et al., *New York: Yesterday and Today*,
Silver Burdett & Ginn, 1990

Anpil ansyen biznis yo te kòmanse bò kaskad dlo. Kaskad dlo yo te sèvi pou bay moulen yo fòs pou vire. Goyin moulen yo te sèvi pou koupe gwo bwa pou fè planch. Moulen yo te moulen grenn pou fè farin.

- 6 Dapre dokiman sa a, poukisa premye biznis yo te kòmanse tou kole rivyè ak kaskad dlo? [0.5]

Score

FOR TEACHER USE ONLY

Total Part III A Score _____

Maximum Total is 7 Points

Pati B

Redaksyon

Esplikasyon: Nan yon jan ou ka di sa ou menm, sèvi avèk enfòmasyon ki soti nan dokiman yo, avèk repons ou yo pou kesyon nan Pati A a, epi konesans ou genyen nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon byen òganize.

Kontèks Istorik:

Kolonizasyon Eta New York kòmanse nan lane 1600 yo avèk eksploratè Olandè, Franse, ak Angle ki te vini nan zòn Nò Amerik la. Anpil Ewopeyen ki te vini nan Eta New York pou kòmanse yon nouvo lavi kòm agrikiltè ak mèt biznis te vinn swiv yo anapre.

Travay ou gen pou fè:

Sèvi avèk enfòmasyon ki soti nan dokiman yo, epi avèk konesans ou genyen nan syans sosyal, pou ekri yon redaksyon kote ou

- ~~Ekri sou ki jan Ewopeyen yo ki te vin nan Eta New York sèvi ak anviwonman yo oubyen chanje li pandan yo ap etabli yo, kòmanse fèm ak fè komès.~~

Nan redaksyon ou an, sonje

- Ekri sou ki jan Ewopeyen yo ki te vin nan Eta New York sèvi ak anviwonman yo oubyen chanje li pandan yo ap etabli yo, kòmanse fèm ak fè komès.
- Mete yon entwodiksyon, bonjan eksplikasyon, ak yon konklizyon.
- Sèvi ak enfòmasyon ou jwenn nan omwens **kat** nan dokiman yo, pou repons ou a. Chak dokiman sou yon paj separe.
- Mete detay, egzanp, oswa rezon ki fè ou di sa w di yo.

FOR TEACHER USE ONLY

Total Part III B Score _____

Maximum Total is 4 Points

Non elèv la: _____

Non lekòl la: _____

PAJ POU EKRI PLAN

Ou kapab ekri plan pou redaksyon w lan nan paj sa a, men sèlman pa ekri dènye redaksyon w nan la a. Sa ou ekri nan paj sa a **pa** pral konte pou dènye nòt ou a. Ekri dènye repons ou an nan tiliv separe pou repons redaksyon yo ba ou a.

Kòmanse ekri vèsyon final redaksyon ou lan nan ti liv yo ba w pou w fè redaksyon an.

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score (Maximum of 35 Points)	
Part II Score (Maximum of 14 Points)	
Part III A Score (Maximum of 7 Points)	
Total Part I, II, and III A Score	
Part III B Essay Score (Maximum of 4 Points)	
Final Score (obtained from conversion chart) Scaled 0–100	